

Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON YON
AGRANDISMAN 17 MILYON DOLA NAN SAL DONÈ NASYONAL MEDAY PURPLE
HEART LA**

Pwojè a pral ofri istwa pi pèsonèl, ekspozisyon odyovizyèl entèraktif

Orè konstriksyon akselere a pral re-ouvè lokal la nan ane k ap vini an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse konstriksyon ap kòmanse nan yon agrandisman 17 milyon dola nan Sal Donè Nasyonal Meday Purple Heart la (National Purple Heart Hall of Honor) nan Konte Orange, pa twò lwen kote George Washington te tabli Badj Merit Militè a (Badge of Military Merit) pou premye fwa, enspirasyon meday Purple Heart modèn nan. Chita nan New Windsor, a yon distans kèk kilomèt Sit Istorik Eta Katye Jeneral Washington nan (Washington Headquarters State Historic Site) nan Newburgh, y ap agrandi Sal Donè a avèk prèske 4,300 pye kare nouvo espas ekspozisyon oswa sa yo remete tou nèf, avèk plis aksan sou istwa moun endividyèl ki resevwa meday la.

"Se militè pi brav yo nan peyi nou an ki te blese oswa mouri nan konba pandan yo t ap defann eta sa a ak nasyon sa a ki resevwa meday Purple Heart la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Agrandisman Sal Donè Nasyonal Meday Purple Heart la pral sèvi kòm omaj pou gason ak fanm sa yo ki fè libète nou an posib epi ede garanti nou pa janm bliye sèvis ak sakrifis yo. Pwojè sa a pral onore tou memwa Senatè Larkin, yon ewo lagè dekore ki te lanse etablisman mize sa a epi te konsakre 70 lane nan lavi li nan sèvis piblik."

Ouvè an 2006, [Sal Donè](#) Nasyonal Meday Purple Heart la se premye lokal nan nasyon an ki konsakre a 1.8 milyon moun yo estime ki resevwa meday Purple Heart la, ke pèsonèl militè ameriken ki te blese oswa mouri nan aksyon lennmi resevwa.

Pwojè a pral gen ladan agrandisman Sal Donè a pou ajoute prezantasyon odyovizyèl ak medya entegre, epitou etid ka kalite mize pou chak zòn avèk grafik entèpretasyon, limyè ki kontwole lokalman, monitè entèraktif ak ekran pou manyen, ak plizyè afichaj grafik gran fòm. Lè l fini, Sal la pral gen ladan nouvo ekspozisyon k ap rakonte istwa sou antre nan fòs ame, jou bagay la pase a, tretman sou teren ak evakyasyon, jan nati lagè a chanje, konsekans lagè, chimen gerizon ak sakrifis iltim. Ekspozisyon agrandi yo ap gen plis istwa pèsonèl, afichaj entèraktif, ak atefak k ap mete aksan sou eksperyans moun ki te resevwa meday Purple Heart la yo mete an vedèt yo.

Kounye a, Sal la gen yon baz done Tablo Donè (Roll of Honor) anliy ki reprezante moun ki te resevwa meday Purple Heart la nan tout 50 eta yo, Washington D.C., Pòtoriko,

Gwam, Samoa ak Filipin. Travay sou Tablo Donè a pral kontinye pandan pwojè konstriksyon an.

Apati de 15 Nov., Sal la pral fèmen pandan konstriksyon an. Yon orè konstriksyon akselere pral pèmèt lokal la re-ouvè disi Novanm 2020. Pandan peryòd sa a, galri Sit Istorik Eta Kantònman New Windsor a (New Windsor Cantonment State Historic Site) ki sou kote a pral fèmen tou. Sepandan, teren kantònman an pral rete ouvè pandan tout ane a epi aktivite yo nan kote sa a pral kontinye, pami yo wikenn Jou Prezidan an (President's Day) ak istwa vivan an kostim apati de Avril rive nan mwa Oktòb. Pandan konstriksyon an, yon ekspozisyon tanporè sou Sal la pral chita nan Sit Istorik Eta Katye Jeneral Washington lan nan Newburgh, NY. Ap gen yon ekspozisyon vwayajè tou nan Fwa Eta New York la (New York State Fair) epi nan lòt kote toupatou nan eta a.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Evantay istwa Sal sa a pral kapab rakonte nou yo ap pi konvenkan toujou. Se pral yon destinasyon pou tout moun ki vle konnen sa libète koute toutbon".

Senatè James Skoufis te deklare, "Agrandisman sa a nan Sal Donè a pral enspire ak edike vizitè yo plis toujou sou kouraj, sèvis, ak sakrifis gason ak fanm militè nou yo. Mwen fyè anpil reprezante Sal Donè Nasyonal Meday Purple Heart la nan Sena Eta a poutèt li sèvi kòm yon destinasyon eksepsyonèl - epi amelyorasyon sa yo pral kontinye ofri vizitè yo yon eksperyans klas mondyal".

Manm Asanble Kenneth Zebrowski te deklare, "Sal Donè Nasyonal Meday Purple Heart la ofri vizitè yo yon vwayaj san parèy nan sakrifis militè yo sibi pandan tout listwa nou an. Gras a agrandisman sa a, Sal la pral kapab kontinye kòm yon destinasyon remakab kote vizitè yo sòti toupatou nan peyi nou an kapab vini epi aprann sou lavi ak kontribisyon militè yo".

Depi ouvèti Sal la, li atire plis pase 176,000 vizitè. Li ofri pwogram edikatif pou lekòl, kan, ak gwoup Eskout epitou vizitè òganize pou gwoup granmoun. Anplis de sa, gen evènman ak aktivite pandan tout ane a pou komemore anivèsè enpòtan oswa evènman istorik ki gen pou wè avèk meday Purple Heart la ak listwa li.

Anons jodi a ajoute nan angajman Gouvènè Cuomo pran depi lontan an pou prèske 750,000 ansyen konbatan ki rete nan Eta New York. Sou administrasyon li an, New York pwomilge pi gran finansman nan nasyon an pou biznis ki gen kòm pwopriyete ansyen konbatan ki andikape nan kad sèvis yo, epi konsa sètifye plis pase 600 biznis jiskaprezan; òganize premye Somè Eta a sou Ansyen Konbatan ak Fanmi Militè yo (Summit on Veterans and Military Families); lanse Inisyativ Jistis pou Ewo a (Justice for Heroes Initiative) pou finanse klinik jiridik nan lekòl dwa yo ki ofri èd pou ansyen konbatan yo; pote finansman pou òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi ki ofri ankadreman dirèk pou ansyen konbatan yo ak fanmi yo; epi retire frè demann admisyon an pou ansyen konbatan k ap pase egzamen Sèvis Sivil yo. Eta a rezève tou plis pase 50 milyon dola pou tabli pwojè lojman soutyen ak lòt devlopman pou ansyen konbatan ki pa gen kay ak sa ki gen risk vin pa gen kay yo ak fanmi yo toupatou nan eta a. Efò Gouvènè Cuomo fè yo fè New York vin eta ki pi byen adapte pou ansyen konbatan nan Etazini.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)